

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salah sahiji média pikeun mekarkeun kamampuh dina aspék kaéndahan sacara batin nyaéta sastra. Sastra mangrupa sarana pikeun ngébréhkeun eusi haté jeung pamikiran manusa (Sumardjo jeung Saini, 1986, kc. 3). Nurutkeun Damono (1978, kc. 3), sastra nyaéta hiji lembaga sosial nu maké basa salaku pakakas pikeun nyieunna. Sastra mangrupa hiji hal anu diciptakeun ku manusa, sarta sipatna otonom. Nurutkeun Luxemburg, spk. (1992, kc. 23), ciri-ciri sastra nyaéta 1) mangrupa hiji kréasi, (2) sipatna otonom, jeung (3) kohérén (ayana kasaluyuan antara wangun jeung eusi). Cindekna, sastra téh mangrupa téks-téks nu disusun lain wungkul pikeun tujuan komunikatif tapi mibanda fiksionalitas sarta mibanda konvénsi-distansi, lantaran bisa ngolah hiji basa.

Sastra mangrupa hiji karya anu miboga ajén moralitas, sarta di jerona nyangkaruk ajaran-ajaran ngeunaan kahirupan. Sacara étimologis, kecap *moralitas* asalna tina basa Latén nyaéta *morés*. *Morés* hartina kabiasaan, laku lampah, adat-istiadat, moralitas nu boga harti hiji kabiaasaan laku lampah nu hadé (Dharmadi, 2009, kc. 50). Ari nu disebut ahlak nurutkeun Dharmadi (dina Kakrab, 2008, kc. 93), nyaéta ageman atawa padoman, anu ayana sacara lisan atawa tinulis, ngeunaan kumaha cara ngajalankeun hirup kumbuh manusa kalawan bener. Aya ogé anu disebut moral nyaéta hiji aturan anu aya sacara lisan atawa tinulis, anu tujuannana nyaéta pikeun ngawajibkeun manusa milampah kahadéan (Suseno, 1987, kc. 14).

Karya sastra mangrupa karya nu ditulis ku pangarang. Pangarang ogé teu leupas tina sajarah sastra jeung kasang tukang sosial budayana. Hal éta kagambar dina karya sastrana. Tapi dina hiji karya sastra ogé moal aya hartina saupama euweuh pamaca atawa panongton nu méré sawangan ngeunaan ma'nana. Ku kituna, sagala kaayaan anu aya pakaitna jeung karya sastra kudu ditalingakeun nalika ngawujudkeun jeung ngama'naana (Pradopo, 2010, kc. 108).

Sacara umum, karya sastra téh miboga tilu wangun nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Nu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta karya sastra wangun carpon. Carpon kaasup kana karya sastra wangun prosa. Eusi carpon mangrupa kajadian-kajadian anu caritana henteu réa, tapi museur kana hiji kajadian jeung palakuna biasana teu leuwih ti opat urang ukur dua atawa tilu urang. Sumardjo jeung Saini (1988, kc. 31) nyebutkeun yén tujuan carpon téh nyaéta pikeun méré implengan anu jéntré pikeun pamaca. Cindekna, carpon nyaéta karya sastra anu umumna pondok, méré gambaran nu jero jeung jelas ngeunaan hiji kajadian ka pamaca. Salah sahiji carpon karya Chyé Rétty Isnédés nyaéta "Antara D jeung D" di jerona aya unsur-unsur struktural anu bisa dipaluruh. Lian ti éta, nyampak ogé sababaraha ajén-inajén, salah sahijina nyaéta ajén moralitas. Ku kituna, sangkan mikanyaho naon waé nu nyangkaruk dina eusi carpon éta tangtu kudu dipaluruh atawa ditalungtik. Kagiatan panalungtikan karya sastra perlu dilaksanakeun hususna kana ulikan struktural jeung ajén moral sabab pikeun ngagambarkeun jeung méré pangajaran pikeun kahirupan manusa. Panalungtikan saméméhna anu geus dilaksanakeun di antarana "Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina *Kumpulan Carpon Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usép Romli H. M., pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP" ku Pepy Sri Anjarsari (2015), "Ajén Moral dina *Kumpulan Carpon Paguneman Jeung Fir'aon* Karya Usép Romli H. M. pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VIII" ku Angga Kusumah Sudrajat (2016) , jeung "Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina *Kumpulan Carpon Dua Wanoja* Karya Chyé Rétty Isnédés pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP" ku Agung Cahya Nugraha (2017).

Karya carpon téh bisa dimekarkeun dina sababaraha wangun, salah sahijina wangun ékranisasi. Istilah ékranisasi asalna tina bahasa Prancis nya éta *écran* nu hartina layar (Darmono, 2018, kc. 240). Nurutkeun Ernesto (1990, kc. 60) ékranisasi mangrupa prosés mindahkeun carita tina wangun novél kana wangun pilem. Ari nurutkeun Darmono (2006, kc. 96), ékranisasi atawa alih wahana mangrupa parobahan karya sastra jenis kasenian kana jenis sénéjén biasana dipikawanoh pikeun filmsasi jeung istilah umumna nyaéta adaptasi.

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan museur dina ulikan struktural jeung ajén moralitas dina pilem “Antara D jeung D”. Tujuan ieu panalungtikan sacara umum nyaéta ngaguar ajén nu nyampak jeung nepi ka panonton. Ku kituna, dumasar pedaran di luhur judul panalungtikan nyaéta “Ajén Moralitas dina pilem “Antara D jeung D”.

1.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu diébréhkeun, aya sababaraha masalah anu kudu dirumuskeun dina ieu panalungtikan. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dipedar di handap ieu.

- a. Kumaha struktur dina pilem “Antara D jeung D”?
- b. Ajén moralitas naon waé nu nyampak dina pilem “Antara D jeung D”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngaguar ajén moralitas nu nyampak dina pilem “Antara D jeung D”. Tina hasil guaran éta, dipiharep pamaca bisa ngalarapkeun naon-naon baé ajén moral anu nyampak dina ieu carpon. Lian ti éta, ieu panalungtikeun mangrupa hiji tarékah pikeun ngawanohkeun karya sastra ka balaréa.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta :

- a. pikeun ngadéskripsikeun struktur pilem “Antara D jeung D”; jeung
- b. pikeun ngadéskripsikeun ajén moralitas anu nyampak dina pilem “Antara D jeung D”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban widang kasusastraan Sunda anu bisa ditilik tina unsur-unsur struktural karya sastra wangun prosa anu ngawengku 1) téma carita, 2) fakta carita, jeung 3) sarana carita. Lian ti éta, pamaca bisa ngalenyepan ajén moralitas anu nyampak dina pilem “Antara D jeung D”.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh nyoko kana dua subjék, nyaéta pikeun panalugtik jeung pamaca.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa méré motivasi pikeun panalungtik sangkan bisa mekarkeun karya sastra tur nambah pangaweruh ngeunaan karya sastra.
- b. Pikeun pamaca, ieu panalungtikan téh bisa jadi gambaran ajén moral larapna dina hirup kumbuhna. Salian ti éta, bisa nambah pangaweruh jeung wawasan ngeunaan pamahaman kajian sastra hususna ngeunaan ajén moralitas dina pilem.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I “Bubuka”, dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan atawa struktur organisasi panalungtikan.

Bab II “Ulikan Tiori”, dipedar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun tatapakan panalungtikan. Ieu bab ogé medar ngeunaan kajian pustaka, anu fungsina pikeun dadasar tioritik dina nyusun rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan. Dina

kajian pustaka, panalungtik matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori nu geus aya; hasil tina panalungtikan nu dilakukeun ku para ahli.

Bab III “Métode Panalungtikan”, dipedar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV “Hasil jeung Pedaran”, dipedar ngeunaan hasil panalungtikan, nyaéta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran inti analisis nu dipatalikeun jeung tiori-tiori anu aya dina bab II.

Bab V “Kacindekkan jeung Saran”, eusina ngadéskripsiikeun kacindekkan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.